## МЕТ ДÆР РÆСУГЪД БÆРГÆ ’Й, ФАЛ СИ КЪÆХТÆ СУЙУНЦÆ!..



***Жан-Жак РУССО (1712-1778), францизаг рохситауæг: «Еугур цибæлтæ дæр хуарз æнцæ, сæ дзулæрттæбæл син хуæцун ку фæразæн, уæд. Еугур цибæлтæ дæр лæгъуз æнцæ, сæ цагъартæ ку исуæн, уæд...» Уæд мах ба уой цæмæннæ лæдæрæн, æма цидæр фæливд мондæгтæбæл ци ниддæвдæг уæн æма уой фудæй ба цидæр æгудзæгдзийнæдти бадзæгъæлтæ уæн...***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№31 (1047) 2026 анзи 15 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман

### ÆНГОЗÆ БÆЛАСÆ МЕХÆЙ КУ ДÆРÆН КÆНАЙ, УÆД ДУККАГ АНЗ ТИЛЛÆГМÆ МАБАЛ ÆНГЪÆЛМÆ КÆСÆ!..



# НÆ ФÆСМОЙНÆГТÆ НИН БÆРГÆ ЗУНДÆФТАУÆГ КУ УИУОНЦÆ...



Къартæ ист æнцæ социалон хизæгтæй.

**Нæ Фидибæсти анзфинсти ес уæхæн цаутæ, кæцитæ, цийфæнди берæ рæстæгутæ ку райевгъуйа, уæддæр дзиллæй æгириддæр нæ иронх кæнунцæ, кæцидæртæ ба ма абони дæр зæрдристаг æнцæ... Уотæ имисуйнаг нин иссæнцæ, 1991 анзи 19-21 августи Мæскуй ци цаутæ ’рцудæнцæ, етæ. Æма устур æверхъаудзийнæдтæй фæббæрæг æнцæ нæ бæсти ирисхъæбæл. Уомæ гæсгæ сæ кæд фæййимисæн, уæддæр фулдæр – фæсмонтæгæнгæй. Уогæ ци æрцудæй, уобæл фæсмон кæнай нæ кæнай, уæддæр си нецибал раййевдзæнæ. Хуæздæр уодзæнæй, фæсмойнаг нин зундæфтауæг куд исуа æма нæ абони цардарæзти зæранхæссæг рæдудтитæ куд нæбал æруадзæн. Финддæс æма инсæй анзей размæ Мæскуй ка ’рцудæй, агъазиау Цæдес ка фесхъæтæг кодта, еци цаути туххæй æрмæг ба кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.**

## САГЪÆССАГ ФАРСТАТÆ



### ÆРГЪТИ ХЪАЗАРÆЙ САБИЙИ ЦИЙНÆ ХЪАЗАРДÆР ÆЙ!..

Ахури нæуæг анзи райдайæн æрбахæстæг æй, æма нийййергутæн хъæбæр сагъæссаг иссæй сæ ахурдзау кæстæрти гъæугæ дзаумæуттæй исефтонг кæнуни гъуддаг. Куд бæрæггонд æрцудæй, уотемæй аци анз Цæгат Иристони еу скъоладзауи ахури анзи райдайæнмæ бацæттæ кæнуни туххæй нийййергути рæстæмбес нимадæй багъæудзæнæй исхарз кæнун 30 мин соми. Фари хæццæ рабаргæй, е æй фондз мин соми фулдæр.

Зæгъæн, кизгæн уæледарæс (пъолци кенæ сарафан/дæллаггурæ, блузкæ, пиджак/кардиган, туфлитæ) балхæнуни аргъ æй 13 мин соми. Биццеутæн уæхæн комплект (хæлаф, хæдонæ, пиджак, туфлитæ) балхæнун æнгъездзæнæй 13,5 мин сомемæй.

Физкультури уроктæн спортивон дарæси комплекти рæстæмбес аргъ æй 4,7 мин соми. Фал ма сæмæ кроссовкитæ ку бафтауæн, уæд еци нимæдзæ исирæздзæнæй 7,5 мин сомей уæнгæ.

Рюкзак кенæ ранеци рæстæмбес аргъ æй 3,9 мин соми. Уæдта зæрдæбæл дарун гъæуй, райдайæн къласти ахурдзаутæн сæ ранецти аргъ алкæддæр бæрзонддæр ке фæуууй – 4,2 мин соми. 43 предмети кæми ес, уæхæн къæнцилари æмбурдгонд (набор) балхæнæн уодзæнæй 2,1 мин сомемæй уæлæмæ. Аци нимæдзтæ нимад æнцæ тæккæ ниллæгдæртæбæл. Æййевæн уæледарæс æма æндæр гъæугæ дзаумæуттæ нимайгæй, æцæг хæрзтæ 30 мин сомемæй дзæвгарæ бæрзонддæр уодзæнæнцæ.

Еугур еци æргъти хъазарддзийнадæ нийййергутæн кæд хъæбæр тухстаг æй, уæддæр ибæл барæ-æнæбари арази кæнунцæ, уомæн æма син алцæмæй дæр хъазардæр æй сæ кæстæрти цийнæ æма зæрдрохсдзийнадæ.

Мах ба уой зæгъуйнаг ан, æма еугур нийййергутæ дæр сæ кæстæртæй зæрдрохс куд уонцæ, рæствæндаг син куд уонцæ!..

**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

2026 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСИ ЦУППАР МÆЙЕМÆН. ЕЦИ РÆСТÆГÆН Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 262 СОМИ ÆМА 92 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 230 СОМИ ÆМА 92 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.

***Николай ГОГОЛЬ (1809-1852), финсæг: «Адæм сæ амонд айдагъдæр иссерунцæ, сæ рагон царди æгъдæуттæ, хумæтæги фæткæ, уагæ цæстигагуй хузæн ку фæгъгъæуай кæнунцæ, айдагъдæр уæд...» Аци хумæтæг, фал рæстдзæф гъуди мах кæрæй-кæронмæ балæдæрунгъон æма 'й æнхæст кæнунгъон ескæд исуодзинан?..***

## ÆГЪДАУБÆЛ ЦИ НÆ АРАЗАЙ, Е ДÆМÆ ФÆСТÆМÆ ÆНÆГЪДАУДЗИЙНАДÆЙ ÆРÆЗДÆХДЗÆНÆЙ...



# ТÆРЕГЪÆД ХÆССУН НИН ÆФСÆРМИАГ НÆБАЛ ÆЙ?..

«Нуртæкки Уæрæсейæн æ бæлæхти бæлах æй, æгъдау æма си æфсæрмийæн сæ кой, сæ гъæр дæр ке нæбал ес. Ардигæй ба игурунцæ æгъатирдзийнадæ, æбуалгъ миутæ, адæмти кæрæдзебæл ардаун, коррупци… Адæмбæл зудæ æма кæрæфдзийнадæ бафтудæй. Æма еци æнаккаг уавæрбæл исахур æнцæ, нæбал æй æстæфунцæ…»

Уæхæн æрхæндæг гъудийæй номдзуд уруссаг философ Александр Пятигорский (1929-2009) зæрдристæй бахъонц кодта не 'хсæнади уодиконд цæйбæрцæбæл æведауцæ кæнуй, уой фæдбæл. Гъулæггагæн, еци «хуæцгæ незæй» сæйун байдæдтонцæ мах адæм дæр. Нæ фидтæлтæ тухгин, цийфæнди уæззау уавæрти дæр хуæрзæгъдаугинæй цардгъон æма сæрустур адтæнцæ, еци менеугутæ нури доги кæмæндæрти ни уоййасæбæл табугонд нæбал æнцæ. Æфсæрми кæнун, ездонддзийнадæ, федауцæ æгъдау æвдесун кæмæдæрти уæззау уаргъ кæсун байдæдта æма си сæхе уæгъдæ кæнунцæ…

Еци уавæр ходуйнаг æй нæхе адæми 'хсæн дæр, уæлдай ходуйнаг ба е æй, æма нæмæ иннæ адæмихæттитæй ци иуазгутæ æрбафтуйуй, уони цæсти дæр ма нæхе æведауцæй æфтауæн. Кæд æма раздæр рæстæгути Иристонæй иннæ адæмихæттитæмæ айдагъдæр нæ хуарздзийнади хабæрттæ игъустæй, уæд ни нур ба, гъулæггагæн, æгæр игъусун байдæдтонцæ аллайагдзийнæдтæ. Уонæн сæ еугурей фæдбæл нæ дзордзинан, фал си сæ еуей кой ба ракæнун æнгъезуй, уомæн æма бабæй нæ адæмæй кедæрти «раон-циуондзийнади» кой райгъустæй идæрдтæбæл: федералон газет «Аргументы и факты»-й медæгæ «Северный Кавказ», зæгъгæ, ци сæрмагонд уæлæнхасæн хай ес, уоми хуæрзæрæги мухургонд æрцудæй уац «Торгуют на костях». Цубур уац æй, фал е дæр фагæ 'й, цæмæй нæ фудкой идæрдтæбæл райгъуса. Дзубанди ба си цæуй, 2002 анзи Хъолай зæйрацуди ка фæммард æй, уони номерæнæн мемориали алфамбулай «раон-циуон» уæйæгæнгутæ базар ке исаразтонцæ. Еци тæрегъæддаг миуи фæдбæл нæхе республики дзилли 'рдгиæй дæр бæргæ цæуй дзубанди, уотæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнити дæр.

ТОРГУЮТ НА КОСТЯХ?

СКАНДАЛ

**Стихийный рынок появился в Северной Осетии возле мемориала Сергею Бодрову и его съёмочной группе, погибшим в 2002 году.**

Прямо у памятника снова бойко торгуют сувенирами, вязаными свитерами, едой и вином. Местные жители в шоке, а чиновники признаются, что сделать с этим ничего не могут.

Гиды возмущены: люди приезжают почтить память погибших, а вместо этого натыкаются на рынок. В соцсетях ситуацию назвали кощунством и сравнили её с торговлей на кладбище.

Власти Пригородного района подтвердили, что торговать возле мемориала незаконно. Чиновники регулярно выезжают на место, беседуют с продавцами и выписывают им штрафы. Однако те сворачивают товар при виде проверяющих, а через пару дней возвращаются.

Власти планируют поставить в этом месте дежурный наряд.

Мæнæ нур дæр – уæлдæр ци уаци кой ракодтан, е «Аргументы и факты»-й ку фæззиндтæй, раст гъе уой æмбойни газет «Рæстдзинад» ниммухур кодта **Дадтети Тамили** мæстигæр уац «Хонхмæ – базармæ». Æма си æ дзубанди райдæдта мæнæ ауæхæн гъудийæй: «Журналисти дæснийадæ домуй рæстдзийнадæбæл дзорун, æхсæнадæ циуавæр хуарæнтæ æма цаутæй æвдист æй, еци хабæрттæ адæми размæ хæссун. Цард æцæгæйдæр куд уинис, уотæ ку нæ дзорай, уæд дæ уацхæссæги кусти медесæн æ бундор ци 'й?»

Тамилæн æ гъудий хæццæ кæрæй-кæронмæ дæр арази ан. Уогæ си еу «фал» ес – рæстдзийнади сæрбæл исдзорæг журналистмæ игъосæг ку нæуа, ци уавæри фæдбæл æй æ тухстдзийнадæ, уомæй æй ка гъæуама балæдæра æма гъуддаг хæрзгæ хузи райарæзунæн ихæсгин ка 'й, етæ ку нæ базгули уонцæ, уæд е куд æй? Мæнæ цæй фæдбæл æй нæ дзубанди, уоми ба уавæр гъе уотæ 'й.

Уомæ гæсгæ ба нæ бафæндадтæй Дадтети Тамили уац мах газети дæр нимухур кæнун – кæдимайди ба е дæр фæййагъаз уидæ фарста федауцæдæр хузи райаразунæн.

* * *

Туризм нæмæ бонæй-бонмæ иразуй, Иристонмæ гулф кæнунцæ иуазгутæ алли рауæнтæй, фæсарæнтæй дæр. Ке зæгъун æй гъæуй, е махæн сæрустурдзийнади хуасæ 'й, æгайтима нин нæ республикæ дуйней æма нæ бæсти фулдæр адæмтæ базудтонцæ. Фал, цæмæй аци къабази ирæзт æнтæстгин уа, уой тухххæй нæ нурма берæ гъуддæгутæ банхæст кæнун æма балæдæрун гъæуй.

Цалдæр боней дæргъи интернети итигъдади фæззиннунцæ алли сæргæндти хæццæ æрмæгутæ, кæцитими хъæбæр тингунæй цæуй дзубанди, Хъæрмæдони, Хъолай зæйрацуди бæлахæй хъæбæр берæ адæм кæми бастъалдæнцæ, еци рауæни тъунели рæбун ци минкъий базар исаразтонцæ, уой нихмæ.

Мæхуæдæг дæр адтæн еци цауæн æвдесæн. Аци бунати размæ еци базар фæззиндтæй Хъæний, туристтæмæ æнахур фæккастæнцæ, Бодров кинонивæ «Брат»-и ци цъоппин свитери архайдта, уой хузæгтæ хуæнхон æрдзи хузти 'хсæн идардмæ уæлдай бæрæг ке дардтонцæ, е. Бид адтæнцæ, куд хестæр кари адæмæн, уотæ кæстæртæн дæр. Фæстæдæр Хъæний базари уæййæгтæбæл ма бафтудæнцæ цидæр берæ æндæр аллихузон дзаумæуттæ дæр.

Хуæнхаг гъæути цæрæг сылгоймæгтæ къохæй дарæс кæнунмæ рагæй дæр дæсни адтæнцæ, фал сæ конд дзаумæуттæ аци рауæн уæйæ кæнуни хъæппæрес си кæмæй рацудæй, е ба бæрæг нæй. Базар лæууй Хъæний уæлкъубур. Æмраст надбæл имæ нæ бацæуæудзæнæ. Бунæй, дæлвæндагæй имæ бæрзондмæ кæсун гъæуй. Уогæ туристтæй уæлдай имæ нæхе бунæттон цæргутæ зийнадæ кæнунцæ исхезунмæ. Уæйæ си кæнунцæ сæгъи гъунæй æма цъоппин хæлттæй бид аллихузон дзаумæуттæ: нимæтин ходтæ, курæттæ, свитертæ, бæмпæггин дзаумæуттæ, сæрбæттæнтæ, ирон дзабуртæ сæрак фийти хæццæ æма берæ æндæр дзаумæуттæ уæлдæр амунд æрмæгæй.

Еу загъдæй, атемæйти-уотемæйти си алæмæти базар рауадæй. Уæдта æ бунат дæр хуарз рауæн æй... Фал уæддæр е кæмæдæр фагæ нæ фæккастæй, æма ма уæхæн базарæн бундор исæвардта, тъунели фæзуати зæйи буни ци адæм фæцæнцæ, еци бунати дæр.

Ес æмбесонди уæхæн загъд: «Рæстæг – фадуат амонæг». Æма рæстæги уавæртæмæ гæсгæ дин дæ фадуæттæ куд амонунцæ, уотæ архайунгъон ку уай, уæд дин уой тухххæй ка бауайдзæф кæндзæнæй. Æцæг, ци кæнуйнаг дæ, уобæл рагацау рæстзæрдæй гъæуама расагъæс кæнай, цæмæй дин æфсæрмиаг æма фæсмойнаг ма фæууа. Мæнæ æверхъау фудбæлах æрцуд рауæни базар ка исаразта, уони хузæн. Уотæ нæ зæгъæн, æма етæ сæхуæдтæ фефсæрми æнцæ æма æрфæсмон кодтонцæ. Уæхæнæй си, куд уинæн, уотемæй неци ес. Фал сæ миуæ нæ фæццудæй æрцæуæг иуазгутæй кедæрти зæрдæмæ, еу си уæйæгæнгути хæццæ дæр ма исхилæ 'й, ка, дан, уин равардта уæхæн барæ, æма Бодрови хузи бунмæ базар исаразайтæ. Раст уайдзæф æй, дзубанди дæр ибæл нæййес, фал ма, уæхæн базар Дæргъæвси зæппæдзти фæзи дæр ке фæззиндтæй, уобæл ба цæмæннæ неке сагъæс кæнуй еци иуазгутæй, æви Бодровæй уæлдай иннетæ адæм нæ 'нцæ? Нæ зæрдитæ нин дзурдбаст «Бодров и съемочная группа», зæгъгæ, циргъ кардау цæвуй, алкедæр ни мæстгун кæнуй, зин нин æй, нæхе æригон артисттæ æма иннæ адæймæгутæй си ка фесавдæй, уони кой ке нæ фæууй, е. (Тамили аци тингун загъдмæ гæсгæ ма бауайдзæф кæнун гъæуй нæхе республики дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæрттæй кæмæдæрти дæр: Хъолай зæйрацуди фудбæлахи ка бастъалдæй, уони тухххæй дзоргæй, хъæбæр ахид айдагъдæр Сергей Бодров, хаттæй-хатт ба æ исфæлдистадон къуари кой фæккæнунцæ. Нæхе адæмæй, нæ æдзард заманай фæсевæдæй си ка фæммард æй, уони кой кæми æгириддæр нæ æримисунцæ, кæми син сæ кой искæнунцæ уотид тагъд-тагъдæй. Кенæ тъунелмæ бацæуæни айдагъдæр еци Бодрови хузæ æвæрд цæмæн æй? Иннетæй уæлдай... Номерæн мадзæлттæ аразуни нихмæ ни неке æй, фал сæ ирисхъæ æмхузон æвæрхъау кæмæн рауадæй, уони рохс нæмттæ гъæуама æмхузон имисæн – Ред.).

Тамили зæгъуйнæгтæмæ гæсгæ ма уой дæр зæгъуйнаг ан, æма, аци базар кæми исаразтонцæ, е уæлмæрдтæ 'й. Æма мах адæммæ кæд адтæй уæхæн æгъдау, æма уæлмæрдти фалдзос базартæ аразæ? Нæ адæмæн кæд æма уæззауæй-уæззаудæр рæстæгути цæргæ рауайидæ, кæд зин уавæрти тухамæлттæ кæниуонцæ, уæддæр уæхæн тæрегъæд гъуддаг сæ сæрмæ нæ хастонцæ. Нур ба нæбæл уæд ци æрцудæй?

Уотæ Дæргъæвси зæппæдзтæ дæр. Етæ дæр уæлмæрдтæ 'нцæ, æма си æрцæуæг адæмтæ сæ къартæ æстæгдарти хæццæ ку фæййесунцæ, уæд е ба кæци адæми култури финст æй? Æма син уайдзæфгæнæг, бауорамæг цæмæннæ ес?

Аци уавæрмæ е 'ргом раздахта Горæтгæрон райони администраци. Бабæрæг кодтонцæ, базартæ кæми 'нцæ, еци бунæттæ, дзубанди си кодтонцæ уæйæгæнгути хæццæ. Етæ дæр, цума сæмæ байгъустонцæ, уотæ сæхе райстонцæ уордигæй. Фал бабæй минкъий рæстæги фæсте æрбаздахтæнцæ сæ уæйæгæнæнти хæццæ. Нæ сæ уорамунцæ нæдæр нециуавæр ивартæ, нæдæр, еци рауæн къæдзæхтæй дортæ 'ркæлунæй тæссаг ке æй, е дæр. Æма уæд фидбилиз ку æрцæуа, уæдта?.. Дзуапп ка дæтдзæнæй?

(Тамили аци бафарстмæ гæсгæ ма уотæ бафæрсун æнгъезуй, æма райони разамунд дæр æма нæ барадон оргæнти косгутæ уоййасæбæл æвæрæз æнцæ, æма уоми гъæугæ æгъдау исæвæрунгъон нæ 'нцæ? – Ред.)

Хъæбæр хуарз æй лæдæрæн, уæхæн бунæтти æхца бакосуни тухххæй хе пайдæйæн архайæн ке нæййес, уой. Фал æхцай рæстæг æй, алцидæр – æлхæнгæ æма уæййаг. Фал цæсгон рауайæ кæнæ, е ба ходуйнаг æй гъæубæсти æма синхбæсти астæу. Дæргъæвси зæппæдзти фæзæбæл хуæрæндонæ сæрмагондæй туристти тухххæй исаразæ æма си дзæхæрагун тоги аргъæй балхæнæ, е æнæфæууинд хабар æй. Нæхуæдтæ нæхе рæдудтитæ ку не 'сраст кæнæн, уæд ескæмæй æгъдау цæмæн агорæн? Еугур æхцатæ некема бакуста, æ хæццæ сæ æносон бунатмæ дæр неке фæххæсдзæнæй. Еци сувениртæ æма дзаумæуттæн æндæр бунæттæ иссерæн ес уæйæ кæнунæн, Дзиуаригъæуи надбæл æнæгъæнæ агъазиау базар райтигъта æхе, уоми дæр ес алцидæр балхæнæн. Еу рауæн уагъд цæмæннæ цæуунцæ, фидбилизтæ кæми 'рцудæй, еци бунæттæ, сæ рæзти халæнттæ дæр ку нæ тæхунцæ, уæд. Хъæрмæдони тъунел æма Дæргъæвси зæппæдзти фæзти дæр нæ федаунцæ еци базартæ æма хуæрæндæнттæ æгъдаумæ гæсгæ æма мард нимайуни гъуддаги. Гъæуама уайдзæфтæ кæнæн уæхæн рауæнти сæхе æведауцæй ка даруй, еци, æндæр ескæцæйти нæмæ æрбацæуæг бæлццæнттæн, фал мах ба ходуйнагдзийнæдтæ нæхуæдтæ аразæн.

**Нæ гъæбесæйхуæцгутæй дуйней чемпион фиццагидæр иссæй Бестаути Бариси фурт Алимбег. Æ рохс ном ба ин уомæ гæсгæ имисæн, æма 15 августи æ райгурдбæл æнхæст кæнуй дæс æма цуппаринсæй анзи (1936-1989).**

*Хосе ОРТЕГА-И-ГАССЕТ (1883-1955), испайнаг философ: «Рохс зунди хецæуттæ ’нцæ, фæлдорæггинтæй» æхе ка багъæуай кæнуй, цардмæ комкоммæ ка кæсуй, æма си алцидæр секкаг, æбæрæг ке æй, уой ка хатуй, уæдта исæфти къахбæл ке лæууй, уой ка лæдæруй, æма уой рæуаги федар бундорбæл ка ’рлæууй...»*



ФИДБИЛИЗÆЙ ХЕ БАГЪÆУАЙ КÆНУНБÆЛ РАГАЦАУ АРХАЙÆ ÆМА СИ ЕРВÆЗТ УОДЗÆНÆ!..






Къартæ ист æнцæ социалон хизæгтæй.

# СÆЙРАГДÆР – АДÆМ ÆДАС КУД УОНЦÆ

Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** куд террори нихмæлæууæг республики къамиси размонæг, уотæ æрæги исаразта аци къамиси æма республикон оперативон штаби еумæйаг æмбурд. Арæзт ба æрцудæй видеобастдзийнади хузи æма си архайдтонцæ барадæгъæуайгæнæг оргæнти минæвæрттæ, Хецауади иуонгтæ, Дзæуæгигъæу æма республики районти сæргълæугутæ.

Æмбурди уæлдай бундорондæр дзубанди цудæй æвзарæн кампаний бæнтти, зонундзийнæдти Бони æма Беслæни фудбæлахи номерæн бæнтти терроризм æма экстремизми фæззиндтитæ ма ’руадзуни мадзæлттæ ахедгæ хузи исаразунбæл. Зундгонд куд æй, уотемæй 18-20 сентябри Цæгат Иристони, куд еугур Уæрæсей, æвзардзæнæнцæ депутаттæ Уæрæсей Федераций Паддзахадон Думæмæ. Е ахсгиаг дзиллон гъуддаг æй, уомæ гæсгæ ба гъæлæс кæнуни рæстæг закъони ихæлдтитæ ма ’руадзун æма граждæнти æдасдзийнади сæйраг рахуæцæн æй æвзарæн участокти техникон ефтонггæрзтæй æнхæст ефтонггонддзийнадæ æма сæ кустгъондзийнадæ. Уой туххæй пайдагонд цæудзæнæй стационарон æма къохидаргæ æфсæйнагагорæнтæй, уæдта æвзарæн участоктæ исефтонг кæндзæнæнцæ видеоцæстдарди системитæй гъæлæсгæнæн азгъунститæ æма объектти алливарс.

Хецæнæй дзубанди цудæй уобæл дæр, æма, æвзарæн участоктæ ци субъектти ’нцæ, уордæмæ, фиццагидæр, ахурадон уагæдæнттæмæ гъæуама уагъд ма цæуонцæ, уонæми кæмæн неци кустаг ес, уæхæн адæймæгутæ. Уæлæнхасæн мадзæлттæ арæзт цæудзæнæй, æвзарæн къамистæмæ документаци ку баласонцæ, уæд, уæдта гъæугæ физикон уагæй гъæуай кæндзæнæнцæ æвзарæн участоктæ æхсæвигон дæр.

Дзубанди ма цудæй уобæл дæр, æма 18 сентябри Хонсар Иристони Президенти æвзурстити рæстæг гъæлæс кæнунæн ци цуппар участоки косдзæнæнцæ, уони гъæугæ техникæй исефтонг кæнун æма се ’дасдзийнади фарста бахинцун.

Федаргонд æрцудæнцæ барадон æма æдасдзийнади мадзæлттæ ахурадон уагæдæнтти зонундзийнæдти Бон бæрæг кæнуни рæстæг. Кадгин мадзæлттæ ци скъолати цæудзæнæнцæ 1-4 сентябри, етæ Уæрæсей Национ гвардий цæгатиристойнаг дæлхайади инженерон-саперон хайæдти косгути хæццæ фæдæсгарæг куйти агъазæй басгардзæнæнцæ рæмодзæн æрмæг си иссеруни фæдбæл федаргонд графикмæ гæсгæ. Уой фæсте объекттæ гъæуай кæндзæнæнцæ æнæсцохæй, цалинмæ мадзæлттæ нæ райевгъуйуонцæ, уæдмæ сутки дæргъи.

Æмбурди ма куд рабæрæг æй, уотемæй еугур еци фарстати нерæнгæ ма нæхъæртондзийнæдтæ дæр ес. Дзубанди цудæй ахурадон уагæдæнттæ æмбæлгæ инженерон-техникон фæрæзнитæй ефтонггонд ке нæ ’нцæ æма террористон барадæихæлдтитæ еуварс кæнунмæ службæгæнгути æдзæттæдзийнади туххæй.

Нæ республики ахурадæ æма науки министр **Алибегти Эллæ** куд фегъосун кодта, уотемæй архайд цæуй ахурадон уагæдæнтти террорæй багъæуай кæнуни куст бæрзонддæр æмвæзадæмæ исесунбæл, сæрмагонд æргом æздахунцæ уагæвæрди домæнтæмæ гæсгæ объектти æмбæлгæ гъæуайгæнæн фадуæттæ исаразунмæ. Нуртæккæ си идарддæр цæунцæ видеоцæстдарди системитæ æма фæдеси кънопкитæ (тревожная кнопка), исаразуни куститæ.

Еугур еци фарстати фæдбæл дзубандимæ гæсгæ куд загъд æрцудæй, уотемæй ахурадон объекттæ гъæуай кæндзæнæнцæ сæрмагондæй бартæ кæмæ ес, айдагъдæр еци гъæуайгæнæг организацити косгутæ.

Æмбурдæн хатдзæгтæ кæнгæй, Сергей Меняйло уæлдай карзæй бафæдзахста уой, æма террори нихмæ къамиси еугур унаффитæ æнæмæнгæ æнхæстгæнгæ ке ’нцæ:

– Республики цæргути æдасдзийнадæ нин алцæмæй дæр сæйрагдæр гъуддаг æй. Террори нихмæ къамис æма Оперативон штаби унаффитæ гъæуама æнхæстгонд цæуонцæ амунд æмгъудтæмæ æнæкъулумпитæй. Еугур дзуапдæттæг службитæ, объектти техникон цæттæдзийнадæ æма алли мадзалмæ лæмбунæг цæстдаруни хæццæ æнгом баст æй адæми æдасдзийнадæ.

***Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг æма Хецауади пресс-службæ***

ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ...



Цуппар лæги – турккаг, персайнаг, араббаг æма бердзейнаг – надбæл куд цудæнцæ, уотемæй еу рауæн иссирдтонцæ æхца. Ци си балхæнæн, зæгъгæ, унаффитæ кæнун бæргæ байдæдтонцæ. Персайнаг загъта:

– Ангур си балхæнæн!..

– Ци кæнæн ангурæй? Уой бæсти си ейнаб балхæнæн, – дзоруй араббаг.

Турккаг дæр æхе нæбал бауорæдта:

– Ци радзорæ-бадзорæ кæнетæ?.. Ангур дæр нæ нецæмæн гъæуй æма ейнаб дæр!.. Кæд æнæ æлхæнгæ нæбал лæууæн, уæд узумæй хуæздæр ба ци ес!.. Узум балхæнæн, узум!..

Бердзейнаг сæмæ берæ фегъуста, уæдта е дæр загъта æ фæндæ

– Мабал хæлхъойтæ кæнетæ. Стафил балхæнæн, æма уæ еугурдæр аразийæй байзайдзинайтæ!..

Фал цуппар лæгемæй алкедæр тардта æхе фæндæ æма фæстагмæ кæрæдзей нæмунмæ æрцудæнцæ. Бæргæ еци уавæри сæбæл еу берæ ка фæууидта æма берæ ка зудта, уæхæн лæг ку исæмбалдайдæ, уæд син балæдæрун кодтайдæ, сæ еугур дæр еци-еу гъуддаги фæдбæл ке дзорунцæ, уой. Уомæн æма дзурдтæ «ангур», «ейнаб», «узум», «стафил» ке амонунцæ «сæнæфсерæ», фало си ’й алкедæр æхе мадтæлон æвзагбæл худта.

* * *

*Раст еци цуппар лæгей хузæн уæмæ нæ кæсунцæ, абони нæмæ ка исберæ ’й æма сæ берæ радзорæ-бадзоритæй, сæ хъазауат кæрæй-кæронмæ дæр адæми зæрдæмæдзæугæдæр ирисхъи сæрбæлтау, зæгъгæ, хæстуолæфтæй ка сомитæ кæнуй, еци партитæ? Æма син еци гъуддаг кæд уоййасæбæл æхсгиаг æма зæрдтагон æй, уæд мадта, кæрæдзей балæдæргæй, еумæйагæй æ исаразунбæл æмзунд-æмхъаурæй архайунгъон цæмæннæ ’нцæ?*



**Валерий БРЮСОВ (1873-1924), поэт: «Кæд дæ бон æй, уæд æносæн æ разæй цо, кæд дæ бон нæй, уæдта уæддæр е ’нвæрстæ цо, æцæг æ фæсте ба макæд уо…»**

* * *

Уæрæсе алли æносæн дæр æ тæккæ разæй цæунгъон цæмæй уа, уомæн имæ ес еугур рагвитæ дæр æма гæнæнтæ дæр. Фал уæддæр берæ-берæ цæмæйдæрти фæстезад разиннуй. Уомæй хумæтæг адæм ци фудгин æнцæ – нæ «сæрдартæй» кæцидæртæ, æвæдзи, уоййасæбæл нæ арæхсунцæ раууон-цион раздзæугутæ унмæ… Уой хæццæ ба ма сæхе зундæй нæ фæййархайунцæ, фал нæ нихмæ архайгути зулунгæнæг унаффитæмæ игъосгæй. Цæмæн уотæ ’й, уой туххæй ба кæсетæ идарддæр.

**ПИФАГОР Самосский, рагон бердзейнаг философ: «Цард театрæй уæлдай нæй: æнаккаг адæймæгутæ си ахид байахæссунцæ хуæздæр бунæттæ!..»**



* * *

Æма ке фуд æй?.. Нæхе фудæй!.. Мæнæ бабæй рæхги рацæудзæнæнцæ æвзурститæ. Æма кедæр сайтангун дзубандитæй ба сайуйнаг фæууодзинан æви нæхе сæризундæй рæстмæгъудийæй равзардзинан, æцæгæй не ’ууæнки аккаг ка ’й, уони?.. Цæмæй фæсмойнаг ма фæууæн.



**Иоганн Вольфганг ГЕТЕ (1749-1771), немуцаг поэт: «Цард æй æгъатир гъазт. Еуетæн – æгириддæр неци, иннетæн – идзаг хæдзарæ…»**

* * *

Цард уоми ци фудгин æй? Гъæстаг æй æхсæнади медæгæ æрбунатгæнæг уагæ. Æма еци уавæрбæл арази ка ’й, еци адæм ба куд гъæуама хъур-хъур кæнонцæ, кæд æма æ тæрегъæдтæ сæхецæй æнцæ…

НÆ ФИДИУÆЗÆГИ ФЕДАУЦИ СÆРБÆЛТАУ



# ИСОНИБОНИ АРХИТЕКТУРÆ

Архитекторти форум «АрхАлания» арæзт цæудзæнæй аци фæззæг, октябри фиццаг дууæ бони Дзæуæгигъæуи Национ музейи.

Фембæлди сæйраг мадзæлттæ баст уодзæнæнцæ Цæгат Кавкази регионти ’хсæн профессион бастдзийнæдтæ фæууруххдæр кæнун, историон-культурон бунтæ æма æрдзон ландшафт багъæуай кæнун æма æндæр ахсгиаг фарстати хæццæ.

Фулдæр æргом форуми раздахдзæнæнцæ, сахарти æхсæнадон æма экономикон царди архитектурæн ци нисан ес, уомæ, бизнес æма æнæбюджетон æхцатæ куд æрбаздахæн ес фæзуæтти ирæзт, профессион архитектурон æхсæнадæ федар кæнун æма дæсни специалистти нæуæг фæлтæр цæттæ кæнуни гъуддагмæ. Форуми сæйраг программæ цæудзæнæй дууæ бони, еци-еу рæстæг музейи æртæ залеми. Дзубанди си цæудзæнæй нæуæг фæлтæрти хæццæ, архитектори дæснийадæ ке фæндуй равзарун, уæдта, уæлдæр ахургæнæндæнтти нуриуæнгæ аци гъæугæ дæснийади сосæгдзийнæдтæ ка ахур кæнуй, уони хæццæ.

Форуми уодзæнæнцæ сахарти сæйраг архитектортæ, сахари ирæзти институти раззагдæр специалисттæ, урбанисттæ, архитектортæ айдагъ Цæгат Кавказæй нæ, фал æнæгъæнæ Уæрæсейæй дæр. Æ программæ æма игъосункæнуйнæгтæ бакæсæн уодзæнæй интернети тугъдади.

Номдзуд уруссаг æвзагзонæг, Кавкази цæрæг адæмти æвзæгтæ æма культуритæ ’ртасæг Услар Петр Карли фурти райгурдбæл 20 августи æнхæст кæнуй дæс æма дæсинсæй анзи (1816-1875).

***ХОДЫ Камал (1941-2021), Цæгат Ирыстоны адæмон поэт: «Рахæссын хъæуы, нывыл, не 'взаджы абоны уавæрæн дзуапп чи дæтты, ахæм – чи зоны, карз! – закъонтæ. Уæд куыдфæстæмæ, йæ тыхыл тых цы хохаг донæн æфты, уыйау цардхъомдæр æмæ нуарджындæр кæндзæн не 'взаг æмæ йæхæдæг фæндæгтæ агурдзæн адæмы зæрдæтæм, нæ царды алы къабæзтæм...»***



Чиколай бæрæгастæу фæзи æмвæрстæ æвæрд æнцæ Малити Геуæргий æма Хетæгкати Къостай бюсттæ. Е уой æвдесæн æй, æма Дигори дзиллæ æмхузон цитгиндзийнадæй кадæ кæнунцæ нæ национ литератури дууæ хъазауатоней алæмæтдзийнадæн.

# ФÆРНДЖЫН УНАФФÆ БАКÆНÆМ



**ХОСТЫХЪОТЫ Зинæ** (1937-1995),
поэт, публицист

***Нæ гыццыл къона бахъарм кæнæм, нæ рæхыс ма дихтæ кæнæм. Уæд тыхджын уыдзыстæм. Мах абонау никуы хъуыд нæ дзыллæйы иудзинад уартæ тæтæр æмæ манголты æрбабырстæй фæстæмæ. Мах абонау никуы хъуыд не 'взаджы, нæ культурæйы, нæ зæрдæты иудзинад. Æмныфс куынæ уæм, уæд сæфт у нæ фидæн.***

*Зундгонд куд æй, утемæй нæ республики Сæргълæууæг æрæги Парламентмæ барвиста «Республикæ Цæгат Иристон-Аланий паддзахадон æвзæгти туххæй» закъони проект. Æма бафæдзахста, цæмæй ибæл арæзт æрцæуа æхсæнадон æркаст, цæмæй дзиллæй фулдæремæн равгæ уа сæ зæгъуйнæгтæ зæгъунæн.*

*Уæ зæрдæбæл уин æрлæуун кæнуйнаг ан уой дæр, æма нæ мадтæлон æвзаги паддзахадонд-зийнадæ сæрмагонд закъонæй исфедар кæнуни фæдбæл раздæр дæр архайд цудæй. Еугур хабæртти кой нæ кæндзинан, фал уин уæ зæрдæбæл ба уой æрлæуун кæндзинан, æма 1992 анзи фæззиндтæй «Цæгат Иристони ССР-и æвзæгти туххæй» закъони проект, парахаттæй ибæл цудæй дзубанди дзиллон хабархæссæг фæрæзнити. Берæ аллихузон гъудитæ æма фæндитæ си загъд æрцудæй. Æма си берети зæгъуйнæгтæ, махмæ гæсгæ, уой аккаг æнцæ, цæмæй сæмæ абони æригъосæн. Зæгъæн, нæ номдзуд поэт, публицист æма æхсæнадон архайæг Хостихъоти Зини гъудитæ. Мухур сæ кæнæн, газет «Рæстдзинад»-и ин кутемæй мухургонд æрцудæнцæ (1992 анзи 9 июни), утемæй – иронау, умæй уой зæгъуйнаг ан, æма нин ирон æвзаг дæр нæ дигорон æвзаги хузæн зæрдтагон æй. Æцæг уой зæгъуйнаг ан, æма уæди рæстæги фæткæмæ гæсгæ Зинæ нæ еумæйаг мадтæлон æвзаг хонуй «ирон», махмæ гæсгæ растдæр уодзæнæй «оссаг». Фал уой дæр нæ æййевæн – гъулæггагæн, Зинæ абони не 'хсæн нæбал æй, æма ин æ уацмæ хевастæй æйййивддзийнæдтæ хæссун æгириддæр раст нæ уодзæнæй.*

* * *

Дзыхæй нæ, фæлæ удæй ирон чи у, мæ ныхас уыцы адæмимæ у ныртæккæ. Нæ гыццыл ирон зæххыл цытæ цæуы, уый не 'ппæт дæр уынæм. Алырдыгæй нæм лæбурынц, ирон туг кæлы, нæ зæхх – дзырддаг, хъаугъайаг ссис. Гъе ахæм рæстæджы цы митæ кæнынц, нæ иуæй-иутæ та? Бавдæлдысты æмæ нæ дзыллæйы дихтæ кæнынып æрлæууыдысты. Кæмæндæр, дам, йæ бæндæн иу дагъæй не 'ххæссыд æмæ йæ дыдагъ кодта. Ирон адæмы хæстон историйыл дæ цæст куы ахæссай, уæд фыдæй-фыртмæ нæ уды цæры иу æвирхъау миниуæг: зын уавæры къордтæ-дихтæ бавæййæм, иу зондмæ æрцæуын нæ бон не 'свæййы, суанг ма кæрæдзи ныхмæ дæр схæцæм æмæ ныл фыдгул æнцонæй фæуæлахиз вæййы. Абон цыбыр къабазмæ дæр уый тыххæй æрцыдыстæм. Æмæ та ныр дæр зын уавæры куы бахаудыстæм, уæд нæ иуæй-иутæ бавнæлдтой нæ адæмы сæрмæ лæбурынмæ, хъуамæ йæ аныхъуырой, хъæуамæ нын не 'хсæн кæрæдзимæ æнæуынондзинад стыхджы кæной. Кæрæдзиуыл стырзæрдæ цæмæй кæнæм, ууыл архайынц. Æмæ ма уæд фыдгулы дæр хуыздæр цы хъæуы? Цæмæн кæнын ацы ныхæстæ?

Бирæ азты дæргъы чысыл адæмтыл цы бон уыд, уый зонæм. Сæфты уавæрмæ æрцыдысты æвзæгтæ, культурæтæ. Ахæм уавæрæй хызт не 'рцыд ирон æвзаг, ирон культурæ дæр. Уыцы рæстæджы ма махмæ уыд æвзаджы мидхæст дæр. Нæхимидæг чидæртæ архайдтой, дыгурон дзырд дæлдзиныг кæнынып. Дыгуронау фыст уацмыстæ зæрдиагæй мыхуыргонд нал цыдысты. Æвæццæгæн, афтæ хъуыды кодтой, нацийæн иу литературон æвзаг хъуамæ уа, зæгъгæ, иннæ нацитæн куыд ис, афтæ. Фæлæ ууыл нæ ахъуыды кодтой, уæд Гуырдзыбеты Блашка, Багъæраты Созыр æмæ Малиты Георги та цы фæуой, зæгъгæ. Дыгуронау абон дæр рæзы литературæ æмæ уый дæлдзиныг кæнын фыдракæнд у ирон культурæйæн. Цы уæлдай у, курдиатджын уацмыстæ фæнды иронау фыст æрцæуæнт, фæнды – дыгуронау?! Фæлæ абон дыгурон дзырды сæрыл тохгæнджытæй хъуамæ рох ма уа, ирон дзырд дæр хуыздæр уавæры кæй нæ уыд, иумæ кæй сæфтысты, уый.

Абон гæнæнтæ куы фæци, цæмæй нæ дзыллæйы пырхæнтæ зæрдæ – не 'взаг мургай æруидзæм, бандидзын æй кæнæм, уæд чидæртæ бавдæлдысты æмæ архайынц, цæмæй æндидзгæ нæ, фæлæ бынтондæр йæ уд сиса. Ахуыргонд Исаты Зоя 1982 азы журнал «Иранское языкознание»-йы фыссы: «…В ряде явлений фонетики и морфологии иронский и дигорский диалекты могут рассматриваться как два последовательских этапа развития одного и того же языка (подробнее см. Абаев, 1949, с.375 и сл.). «Ирон æвзаджы дзырд «диалект» нæй, уый йæм ахуыргæндтæ 'рбахастой. Нæ фыдæлтæй диалекты кой ничи кодта. Уыдыстæм дыгурæттæ æма ирæттæ, ома, иу адæмы, аланты дыууæ æмхуызон къабазы. Ныр уыцы æнæрайы «диалекты» алыварс æрæмбырд стæм æмæ йыл халæттау базырхъилæй хъуахъхъуахъ кæнæм. Иу зæгъы, æвзаг у, иннæ – æвзаг нæй, æртыккаг – цæуыннæ у? Цымæ адæймагæн йæ кæцыфæнды къабаз дæр ралыг кæн, уæд уый цы уæлдай у? Нæ адæмæн дæр фæнды сæ ирон къабаз фесæфæд, фæнды – сæ дыгурон, уæддæр нацийы культурæ къахыр кæны.

Ныртæккæ кусæм ирон æвзаджы Закъоныл. Æз мæхæдæг дæр дæн уыцы Закъоны къамисы. Дыккаг аз нæ бон иу уынаффæмæ 'рцæуын нæу. Кæсаг, хæфс æмæ цъиусуры» митæ кæнæм не 'взаджы хъысмæтæн. Фыццаджыдæр уал уый, æмæ нæ Сæйраг Совет не 'взагæн бацыд фыдракæнды, Ирыстоны дыууæ паддзахадон æвзаджы кæй расидт, – уымæй. Аци хъуыддаг у – чъирийы уæлæ цъупп, зæгъгæ, цæйау акæнынц, афтæ. Уæрæсейы Федерацийы Сæйраг Совет уынаффæ рахаста, цæмæй æппæт Федерацийы дæр уырыссаг æвзаг уа паддзахадон. Мах республикæ дæр хауы Федерацимæ. Фæнда нæ, ма фæнда, уæддæр уыцы Закъон хауы махмæ дæр. Уæдæ ма йæ цымæ нæхи Сæйраг Советы дыккаг хатт цæмæн хъуыд паддзахадон расидын? Уый тыххæй бирæтæ дзурынц, æз дæр фыстон газеттæ «Рæстдзинад» æмæ «Фæдисон»-ы. Фæндон бахастон, цæмæй фысджыты Цæдис Гуманитарон иртæстыты зонадон институты ирон хайад æмæ Университеты ирон хайад тæрхондонмæ раттой нæ Сæйраг Советы уыцы уынаффæ. Фæлæ абоны онг йæ былы бынæй иу уддзæф ничима суагъта.

Ирон æвзаджы хъысмæт цы къамисы æвзарæм, уым иутæ ууыл лæуд сты, цæмæй ирон сывæллæттæй кæй цы 'взагыл фæнды, ууыл ахуыр кæна. Ома, ахуыры æвзаг равзарыны сæрибардзинад сын уа. Æмæ та цымæ уыцы «сæрибардзинад» махæн уæгъдибардзинадмæ рахиздзæн? Сабийæн рæвдауæндоны, скъоламæ бацæугæйæ йæ бон уый бæрц хъуыды кæнын нæма вæййы, цæмæй йæхицæн æвзаг равзара. Уыцы стыр бæрн ныййарджытæм хауы. Æмæ абон бирæ ныййарджытæй цы домут, кæд æмæ сæхæдæг сæ мадæлон æвзагыл не 'рвæссынц, нæ дзурынц, уæд. Ахæм ныййарджытæ сæ сабиты ирон æвзагыл ахуыр кæндзысты? Нæ! Уыдон æвзардзысты стыр цæлхдуртæ не 'взаджы рæзты раз.

Æвзаджы къамисы иу хай лæууы ахæм уынаффæйыл, цæмæй ирон сывæллæттæ иууылдæр рæвдауæндонæй райдайæн скъола фæуынмæ ахуыр кæной иронау æппæт ахуыры æрмæг дæр. Уыимæ, кæй зæгъын æй хъæуы, ахуыр кæной, уырыссаг æвзаг æмæ литературæ дæр. Афтæ уыд раздæр заманты. Къамисы уæнгтæй чидæртæ та афтæ зæгъынц уæд, дам, рацæудзыстæм дæхицæн æвзаг равзарыны Закъоны сæрибардзинады ныхмæ. Мах бон кæй цы 'взагыл фæнды, ууыл ахуыр кæнæд, зæгъгæ, уыцы хаххыл куы ацæуæм, уæд нæ хорзмæ не 'ркæндзæн. Нæ дзыллæ цæттæ нæу ахæм сæрибардзинадмæ. Куы ма йæ загътон, иронау чи нал дзуры, уыцы ирон ныййарджытæ нын нæ культурæйы рæзтыл бынтон арт бандзардзысты, ахæм сæрибары тырыса сын сæ къухы куы бакæнæм, уæд. Хъыгагæн та ахæмты фæзмдзысты иннæ ныййарджытæ дæр, уæдæ мæ саби уый сабийæ цæмæй гуымыдзадæр у, зæгъгæ, мæнæн цæуылнæ хъуамæ ахуыр кæна уырыссагау.

Уырыссаг адæмы хал дардыл у. Тас нæу се 'взагæн фесæфынæй, стæй се скъолаты ахуыры æрмæг æндæр æвзагыл ахуыр кæной, уымæй дæр сын тас нæу. Мах та бавдæлдыстæм, æмæ Уæрæсейы Федерацийы æвзаджы Закъонæй нæхи Закъоны проектмæ æрбахастам, не 'взаджы рæзтæн зиан йедтæмæ пайда чи не 'рхæсдзæн, ахæм æууæлтæ, хъуыды нæ кæнгæйæ. Гъе, уыдонæй иу у ахуыры æвзаг равзарыны сæрибардзинады Закъон. Афтæмæй нын уый не 'взаджы хъысмæт ноджы сæрсæфæнмæ тæры.

Абон ирон æвзаджы Закъоны хъуамæ ма фæзына уæгъдибардзинады миниуæг. Æрмæстдæр фидар, национ культурæйы цæрæнбон хъахъхъæнæг Закъон хъуамæ бацæуа йæ тыхы ирон æвзаджы Закъоны. Уыцы Закъоны не 'взаджы дыууæ къабазы дæр хъуамæ уой æмбар. Дыгурон сывæллæттæ хъуамæ райдайæн кълæсты ахуыр кæной ахуыры æрмæг дыгуронау, ирон æвзаг æмæ литературæ дæр ахуыр кæнгæйæ, ирон сывæллæттæ – иронау, дыгурон æвзаг æмæ литературæ дæр ахуыр кæнгæйæ. Кæннод æй æрмæст университеты райдайынц ахуыр кæнын æмæ уый фаг нæу. Ирон хайады чи нæ ахуыр кæны, уыдон та хъуамæ ма зоной дыгуронау? Не 'взаджы дыууæ къабазы дæр æмхуызон ахуыр кæнын Ирыстоны зæххыл æмхуызонæй сæ зонын стыр æххуыс фæуыдзæн нæ дзыллæйы æмуддзинадæн. Æвзаг аразæг адæм сæхæдæг сты. Хъуамæ æмхуызон зоной æвзаджы къабæзтæ æмæ сæ цавæр æвзаг хъæуы, ахæм дзы сæхæдæг араздзысты фæлтæрæй-фæлтæрмæ. Дыууæ къабазы кæрæдзи фæрцы хъæздыгдæр кæндзысты. Уый у нæ адæмæн кæрæдзи бамбарыны фæндæгтæй иу. Ау, фæсарæйнаг æвзæгтыл куы ахуыр кæнæм нæ сабиты!

Кæд абон не 'взаджы Закъоны уыцы уынаффæтæ ныффидар кæнын нæ бон нæу, уæд нæ уынаффæ ахæссын хъæуы фæстæдæрмæ, хуыздæр бон ныл куы скæна, уæдмæ. Ма батагъд кæнæм фæлвых Закъон фидар кæнынмæ. Уый фыдракæнд уыдзæн.

Афтæ чи хъæр кæны, махæн, дыгурæттæн, ирæттимæ иумæйагæй ницы ис, мах хицæн адæм стæм хицæн æвзагимæ, уыдон та бынтон тæригъæддаг сты. Уыдон сæ цæргæбонты æвзаг цы у, уый дæр нæ бамбардзысты. Фæлæ сæ, мæнмæ гæсгæ, иу æвзаджы мæт дæр нæй, афтæмæй фæдис кæнынц радиотæй, уынгты, æмбырдты, хæццæ кæнынц адæмы зонд. Кæд афтæ 'нхъæл сты уыцы зыгъуыммæгæнджытæ, дыгур æмæ ир иу адæм кæй сты, уый сæ нæ бауагъта курдиатджын фысджытæ, ахуыргæндтæ суæвын? Æви сæ кад сбæрзонд кæнынмæ хъавынц нæ дзыллæйы кæрæдзиуыл ардауынæй? Æвæццæгæн, афтæ у. Фæлæ бамбарæнт иу хъуыддаг: нæ гыццыл къона бахъарм кæнæм, нæ рæхыс ма дихтæ кæнæм. Уæд тыхджын уыдзыстæм. Мах абонау никуы хъуыд нæ дзыллæйы иудзинад уартæ тæтæр æмæ манголты æрбабырстæй фæстæмæ. Мах абонау никуы хъуыд не 'взаджы, нæ культурæйы, нæ зæрдæты иудзинад. Æмныфс куынæ уæм, уæд сæфт у нæ фидæн.

Уæдæ алырдæмты хæцыны бæсты фæлдджын уынаффæ бакæнæм рæстæгыл, кæрæдзи ныхас, кæрæдзи зондмæ байхъусæм.

**ИДÆРДТÆМÆ ÆМГЪУДÆЙ ЦИ БАЙТАУАЙ, УОМÆЙ ХÆСТÆГМÆ МАЦИ БАЙИНАЙÆ КÆНАЙ, УОМÆН УÆН НÆЙЙЕС!..**




БЕТАНТИ Фрося
Абисали кизгæ
06.03.1935 – 13.10.2002.

ТЕМИРАТИ Зелимхан
Дорофейи фурт
13.08.1935 - 05.10.2013.

МÆРЗОЙТИ Фатимæ
Рамазани кизгæ
15.01.1949 – 01.09.2022.

# «СÆ НÆМТТÆ СИН ÆРИМИСÆН, НÆ ЗÆРДИТИ СÆ НИФФИНСÆН...»

Æрæги Æхсæрисæри культури Хæдзари арæзт æрцудæй дессаги зæрдæмæдзæугæ мадзал – цитгинæй æримистонцæ сæ хъиамæтгун æмгъæуккæгтæ **Бетанти Абисали кизгæ Фроси**, **Темирати Дорофейи фурт Зелимхани** æма **Мæрзойти Рамазани кизгæ Фатими** рохс нæмттæ. Аци æртæ адæймаги берæ æнзти дæргъи рæстуодæй фæхъхъиамæт кодтонцæ нæ национ культури алæмæтдзийнадæ багъæуай кæнуни æма æ идарддæри райрæзти сæрбæлтау. Æнцон нæ адтæй сæ куст, фал ибæл уоййасæбæл æновуд адтæнцæ, æма 'й æнхæст кодтонцæ адæмæн дæр æма сæхецæн дæр цийнæдзийнадæ æма уодведардзийнадæ лæвар кæнгæй. Уони ирисхъæбæл сагъæс кæнгæй, цæмæдæр гæсгæ зæрдæбæл æрбалæууй номдзуд итайлаг финсæг Тонино Гуэррайи финст таурæхъ.

Цæветтонгæ, еу зæнхкосæгæн æ уосæ рамардæй æма бустæги еунæгæй байзадæй. Æ хæдзари удгоймагæй некебал адтæй. Гъема æ хъауритæ еугурæйдæр равардта æ дзæхæрай куститæн. Уæлдай зæрдиагдæрæй зилдæй и бали бæласæмæ. Рæзæдони 'й ку неци гъуддаг уидæ, уæддæр æрбацæуидæ æма еци бæласи зæнгæ æ армитъæпæнтæй рæвдауидæ.

Еууæхæни бæласæбæл цидæр нез бацæфстæй. Аци хабар æрцудæй, зæнхкосæгæн æхеми дæр уазал ку бацудæй æма æ хуссæнæй уæлæмæ ку нæбал истадæй, раст еци рæстæг. Фал бабæй æ къæхтæбæл ислæудтæй æма раздæри хузæн бабæй зелун байдæдта бæласæмæ, алли рæвдауæн дзубандитæ ин кодта. Æма дин бали цубур рæстæгмæ цъæх-цъæхид ку радаридæ.

Еу бон лæг базари æхсир æлхæдта æма 'й æвваст цидæр тухæ æхемæ ласун байдæдта. Уотæ имæ фæккастæй, цума имæ æ бæласæ дзоруй. Сæхемæ ку бацудæй, уæд кæсуй, æма бали деденæг калуй. Раст цума æ медбилти ходуй…

Зæнхкосæг æрбадтæй бæласи буни, æ фæсонтæй ибæл банцойнæ кодта. Æма дин ибæл деденгути цопæлттæ æмхузонæй ку æрæгъзæлиуонцæ… Раст цума ибæл цийнæ кодтонцæ.

Культури къабази косгути уавæр дæр гъе уæхæн æй – сæ зин куст исæнцон уй, адæмæн сæ фæллойнæй ци райдзастдзийнадæ хæссунцæ, уомæй. Уомæ гæсгæ сæ дзиллæ зæрдрохсæй имисунцæ, се 'хсæн ку нæбал фæуунцæ, уæддæр сæ цитгин кæнунцæ. Уомæн æвдесæн, мæнæ Æхсæрисæри ци номерæн мадзал арæзт æрцудæй, е дæр.

Бетанти Фрося, Темирати Зелимхан æма Мæрзойти Фатимæ берæ æнзти дæргъи фæккустонцæ сæ гъæубæсти культури Хæдзари. Зæгъун æнгъезуй уотæ, æма сæ цард æнæгъæнæйдæр баст адтæй исфæлдистади хæццæ: сæ арæхстдзийнадæ æвдистонцæ райони ансамбльти рæнгъити, архайдтонцæ аллихузон концертти, æма исфæлдистадон æркæстити, агъаз кодтонцæ культурон цард ирæзун кæнуни гъуддаги айдагъ сæхе гъæуи нæ, фал ма æнæгъæнæ Иристони дæр. Алке дæр си арф фæд ниуагъта се 'мгъæуккæгти æма æмкосгути зæрдити.

Сæ кадæн номерæн мадзал ахсгиаг иссæй айдагъ гъæубæстæн нæ, фал еугур районæн дæр: архайдтонцæ си Ирæфи райони культури хайади сæргълæууæг **Хадати Марик**, райони культури Галауани директор **Елджарти Вячеслав**, синхаг гъæути гъæуи цæргутæ, ке номерæнæн арæзт æрцудæй мадзал, уони хеуæнттæ æма хæстæгутæ. Ка 'рбамбурд æй, уонæн равдистонцæ архивон æрмæгутæ, лæмбунæг радзуртонцæ си алке туххæй дæр сæрмагондæй. Адæми зæрдитæ барохс кодтонцæ райони искурдиадæгин фæсевæд, ци концертон номертæ исаразтонцæ, уонæй.

– Мах рагæй фæндæ кодтан аци мадзал исаразун, фал нæ къохи цæмæдæрти гæсгæ не 'фтудæй, загъта æ радзубандий Æхсæрисæри гъæууон администраций сæргълæууæг **Дзидзойти Тасолтан**. – Фал нин уæддæр бантæстæй аци арфиаг гъуддаг исаразун. Уомæй боз ан нæ райони администраций культури хайади сæргълæууæг Хадати Марикæй. Нæхе имæ ку бахаттан нæ фæнди фæдбæл, уæд нæ балæдæрдтæй æма нæ æмархайæг иссæй. Уой фæрци нæ дзиллæн ахсгиаг мадзал арæзт æрцудæй райони æмвæзæдабæл. Фæндуй мæ зæрдиагæй райарфæ кæнун уомæн дæр æма **Катаути Татьянæн** дæр. Уæхæн зæрдиагæй ауодундзийнади фæрци мадзал, мæнæ 'й уæхуæдтæ куд уинетæ, уотемæй рауадæй зæрдæмæдзæугæ. Æма нин нифсдæттæг æй, ке номерæнæн арæзт æрцудæй, уони рохс нæмттæ нæ дзиллæй ironх ке нæ уодзæнæнцæ, цитгийнаг нин уодзæнæнцæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ, кæстæртæн ба фæнзуйнаг дæнцæ, нæ Фидибæсти сæрбæлтау рæстзæрдæй лæггадæ кæнунæн нæ гъæубæсти.

Номерæн мадзали ма ка радзубанди кодта, уони гъуди дæр адтæй: ауæхæн фембæлдтитæ ахсгиаг æнцæ сæ сæйраг ахедундзийнадæй: фæлтæртæ гъæуама ма иронх кæнонцæ, сæ гъæубæсти хуарзæн, æ цардиуагæмæ раздæр æнзти сæ уодуæлдай фæллæнттæй устур байвæрæн ка бахаста, уони рохс нæмттæ, цæмæй искурдиадæгин фæсевæд сæ гъомбæлгæнгути хæццæ сæхебæл архайуонцæ, сæ зонундзийнæдтæ æма дæсниййадæ сæ исфæлдистадон архайди никки бæрзонддæр куд кæна.

Сæ радзубандити хатдзæг ба адтæй: Бетанти Фроси, Темирати Зелимхани æма Мæрзойти Фатими рохс нæмттæ нур игъусдзæнæнцæ, ка сæ зудта, айдагъ уони имисуйнæгти нæ, фал ма Æхсæрисæри цардвæндаги зæрдæбæлдаруйнаг цаутæ æма хабæртти туххæй дзубандити дæр.

Уомæ гæсгæ ба ма нæ фæндуй аци гъæубæстæн æ разагъди лæгтæй еуей, номдзуд поэт æма публицист Колити Виталий рохс ном æримисун. Витали кæд игургæ Хъæрæсе-Черкесий Къостай гъæуи ракодта, уæддæр æ царди зингæ хай ба фæццардæй Æхсæрисæри æма ин райгурæн гъæуи хузæн зæрдтагон адтæй, æ цæргæ-цæрæнбæнтти ибæл рæстуодæй æхцул æма æновуд адтæй. Мадта гъæумæ бацæууæни номдарæн стеллæбæл дæр финст æнцæ, Витали æ кадæн ци æмдзæвгæ ниффинста, уой зæрдæмæдзæугæ рæнгъитæ. Никки ба ма ибæл ниффинста зар дæр, æма си дзенети бадæг æмгъæуккæгти туххæй уотæ зæгъуй:

*Сæ нæмттæ син æримисæн,*
*Нæ зæрдити сæ ниффинсæн.*

Раст зæгъгæй, æ еци курдиадæ 'й, гъæубæстæй Фидибæсти сæрбæлтау æ цард ка иснивонд кодта, еци æхсæрисæрккаг æдзард тугъдонти туххæй. Фал, махмæ гæсгæ, уотæ зæгъун æнгъезуй, гъæубæсти 'хсæн рæстуодæй ка фæццардæй, сæ арфиаг фæллæнттæй ин кадæгæнæг ка адтæй, уонæн сæ еугурей туххæй дæр. Баруагæс уи уæд, уой аккаг æнцæ. Витали æ финст зари хумæтæги нæ зæгъуй сæрустурæй:

*Фæууæд æвдесæн мин Хуцау,*
*Нæ дæ ескæмæ æнгъæлдзау,*
*Æнцæ дæ адæм косунгъон,*
*Сæхе фæллойнæй цæрунгъон,*
*Ан нæ тугъдонтæй сæрустур,*
*Бæрцæй берæ – кадæй устур.*

Гъе уотæ имисуйнаг æнцæ, гъæубæстæ гъæуама сæрустур кæмæй уа, сæ еци æмгъæуккæгти рохс нæмттæ. Уонæй ба æнцæ дзенети бадæг Бетанти Фрося, Темирати Зелимхан æма Мæрзойти Фатимæ. Æма сæ номерæнæн мадзал арæзти ке 'рцудæй, е уотид арфиаг гъуддаг нæй.

***БИЧИЛТИ Алетæ***


Цитгингæнæн мадзали архайгутæ.

*Рамазан АБДУЛАТИПОВ, политик, доктор философских наук: «Мы – граждане одной страны, единого государства. И мы входим в сообщество людей на Земле. Важно это понять и быть достойными своего рода, народа, страны, религии, государства, человека. Только на этом пути возможно наше собственное благополучное самоутверждение – человеческое, этническое,*



Фото из открытых источников

# ГКЧП. КАК ЭТО БЫЛО?

## ТАЙНЫЕ ИНТРИГИ ЦРУ

*О трагических событиях августа 1991 года написано огромное множество материалов, причем в них все происшедшее настолько противоречиво растолковывается, что трудно и выбрать из них такое, что бы более-менее проясняло истину. Вот и предлагаемый вашему вниманию материал следует рассматривать как одно из многообразных мнений и толкований. Статья в свое время была написана доктором исторических наук, профессором* ***Игорем Фрояновым*** *(1936-2020) Перепечатывам ее из социальных сетей, где она размещена с сокращениями. Полностью материал был напечатан в «Советской России» в №96 за 2001 год и в книге «Погружение в бездну».*

### ПРИ ЧЕМ ТУТ «ПУТЧ» И «ПЕРЕВОРОТ»?

Односторонней и упрощенной нам представляется идея, сводящая события 19–21 августа 1991 года к выступлению патриотов, спасающих СССР, закрепленный Конституцией общественный и политический строй. Конечно, такая мотивация присутствовала в поведении некоторых участников августовских происшествий. Но она была лишь одной среди прочих и при этом не основной и не доминирующей. Патриотический настрой определял поведение лишь отдельных лиц, втянутых в августовскую историю и заранее обреченных в ее дьявольской игре на проигрыш. Это были достойные люди, но, увы, наивные и обманутые.

Отсюда становится очевидной недостаточность, определенная неполнота представлений об августовских событиях как «фарсе», «спектакле», «опереточном путче», «бутафорском путче» и т.п. Возникновение подобных представлений можно объяснить тем, что демократы ожидали и, возможно, планировали нечто подобное событиям 19–21 августа. Они, наверное, заранее знали, что назовут «путчем», «переворотом», «заговором» любое выступление традиционалистов («консерваторов»), даже если оно не соответствует или не вполне соответствует данным понятиям. Им нужен был именно путч, чтобы применить адекватные путчевым решительные меры воздействия по отношению к своим противникам с целью покончить с ними навсегда и выйти на финиш к развалу СССР и капиталистической реставрации. Поэтому едва гэкачеписты заявили о себе, как к ним сразу же прилепили слова «путч», «переворот», «заговор». А когда трезвые наблюдатели присмотрелись к действиям ГКЧП, они убедились, что эти действия, если говорить честно и всерьез, не соответствуют ни путчу, ни перевороту, ни заговору.

Даже Б.Н. Ельцин не удержался и высказал свое недоумение: «Нелепости в их (членов ГКЧП. – И.Ф.) поведении стали бросаться в глаза довольно быстро. Группа захвата из подразделения «Альфа», присланная сюда (в Архангельское. – И.Ф.) еще ночью, так и осталась сидеть в лесу без конкретной задачи.

Были арестованы депутаты Гдлян и Уражцев, а главные российские лидеры проснулись у себя на дачах, успели сообразить, что случилось и начали организовывать сопротивление. Пока я обратил внимание только на телефоны. Они работают, значит, жить можно… Я успел почувствовать: что-то тут не так. Настоящая военная хунта так себя не станет вести» (Ельцин Б.Н. Записки президента. С. 85). Эти слова Ельцина приобретают особую выразительность при их сопоставлении с заявлением В.С.Павлова: «Мы, члены ГКЧП, не готовили переворота. У нас, поверьте, хватило бы ума и возможностей арестовать все российское руководство еще далеко от Москвы, в аэропорту, на даче, на дороге. Возможностей было сколько угодно. Даже в здании Верховного Совета РСФСР могли, если бы ставили такую цель» (Павлов В.С. Август изнутри. Горбачевпутч. С. 73).

Гэкачеписты не планировали «коренное изменение в государственной жизни» СССР. Напротив, они пытались сохранить существующий конституционный порядок, общественный и государственный строй перед угрозой их «коренного изменения», предпринимаемого со стороны Горбачева – Ельцина с пособниками. Они не сговорились тайно против Горбачева, т.е. не составили заговор против него. Иначе не понять их появления в Форосе перед Горбачевым и обсуждение с ним вопроса о введении чрезвычайного положения – основной акции, характеризующей деятельность ГКЧП. «На самом деле, можно ли считать «заговором» акцию, организаторы которой заранее ставят о ней в известность президента, а тот не предпринимает ни одного шага, чтоб ей воспрепятствовать», – говорит А.И. Лукьянов (Лукьянов А.И. Переворот мнимый и настоящий. С. 11). По верному замечанию В.С. Павлова, «весь сыр-бор разгорелся» как раз «в связи с решением вопроса: вводить или не вводить чрезвычайное положение и кому это делать?» При этом резонно Павлов спрашивает: «При чем здесь власть и заговор?» Он мог бы с тем же основанием спросить и еще: при чем тут путч и переворот? Ведь все это – выдумки. Сам Горбачев является здесь невольным свидетелем. Описанная им сцена встречи в Форосе с посланцами ГКЧП О.Д. Баклановым, В.И. Болдиным, В.И. Варенниковым и О.С. Шениным никак не может быть истолкована как встреча с путчистами и заговорщиками.

### «ЗАГОВОРЩИКИ» ВЫПРАШИВАЮТ У КАЗ

«Речь со стороны прибывших, – повествует форосский дачник, – шла о том, что люди уже объединились и нужен указ президента. Вопрос передо мной поставлен так: или издайте указ (о введении чрезвычайного положения. – И.Ф.) и оставайтесь здесь, или передайте полномочия вице-президенту». Так читаем в книге Горбачева «Августовский путч», изданной сразу же после августовских событий, когда ему надо было решительно отмежеваться от гэкачепистов, чтобы отвести от себя какие бы то ни было подозрения. Поэтому у него такая жесткая альтернатива: или издай указ, или отдай полномочия вице-президенту. Но вот прошло время, случилось так, что Горбачев «вылетел из седла» и оказался не у дел. Теперь президенту на пенсии ничто не угрожало и он мог кое-что приоткрыть. И оказывается, что Бакланов сказал Горбачеву: «Не хотите сами подписывать указ о введении чрезвычайного положения, передайте свои полномочия Янаеву». А затем добавил: «Отдохните, мы сделаем «грязную работу», а потом вы сможете вернуться». Очень странные заговорщики, не правда ли! А дальше началась целая дискуссия между «заговорщиками» и «жертвой заговора», причем тон ей задавал главным образом Горбачев.

Поучения и нотации, перемешанные с грубостью, – вот что сразу обращает внимание при знакомстве с тем, что говорил он гэкачепистам. Мы присутствуем при разговоре самоуверенного начальника с подчиненными, а отнюдь не испуганной жертвы заговора с заговорщиками и путчистами.

Забавляет, как «путчисты» становятся у него преступниками. Горбачев отказался подписать указ о введении чрезвычайного положения, что и перевело гэкачепистов в разряд преступников: «Мой решительный отказ сделать это сразу (подписать указ. – И.Ф.) ставил их в положение преступников». Значит, до «требования» гэкачепистов подписать указ они еще не находились в положении преступников. Не оказались бы «путчисты» в этом положении, подпиши Горбачев указ. Такую логику нельзя назвать иначе как логикой политической эквилибристики и трюкачества. Но Горбачев продолжает одурачивать ею обывателя. «Потерпев неудачу в противоборстве с президентом, заговорщики сникли», – говорит он. Вот ведь какие эти «заговорщики»: стоило «жертве заговора» прочитать им строгую нотацию и наградить их матом, как они, оробев, сникли. Таким образом, горбачевские реминисценции ярко и убедительно свидетельствуют, вопреки их автору, об отсутствии заговора и путча в высшем советском руководстве в августе 1991 года.

### БУШ И МЭТЛОК ВЯЖУТ ГОРБИ

В условиях лета 1991 года идею путча, переворота, заговора лелеяли в первую очередь демократы и зарубежные их патроны. Не случайно они, демократы и американцы, стали нагнетать эту идею за два месяца до выступления ГКЧП. Теперь мы знаем, что «в разгар политического кризиса в Советском Союзе в июне 1991 года мэр Москвы нанес незапланированный визит в посольство Соединенных Штатов. После нескольких минут тривиальной беседы, предназначенной для подслушивающей аппаратуры КГБ, Гавриил Попов взял лист бумаги и написал: «Мне нужно срочно передать послание Борису Николаевичу Ельцину. Возможен переворот. Ему следует немедленно вернуться в Москву». Продолжая беседу как ни в чем не бывало, американский посол Джек Мэтлок взял ручку и вывел одно слово: «Кто?» В ответ Попов написал имена трех лиц: премьер-министра Валентина Павлова, председателя КГБ Владимира Крючкова и министра обороны Дмитрия Язова. «Я немедленно сообщу в Вашингтон», – написал в ответ Мэтлок». (Широнин В. С. КГБ – ЦРУ. Секретные пружины перестройки. С. 165). В.С.Широнин по поводу этой встречи и беседы Попова с Мэтлоком замечает: «Примечательное откровение! Оно дает богатую пищу для размышлений о том, кто исподволь разжигал августовские события и кто был заинтересован в развязывании той драмы»).

Посол отправил, как и обещал, депешу американскому руководству, о чем А.Ф.Добрынин рассказывает так: «Примерно в это же время (20 июня 1991 г.) американский посол Мэтлок прислал в Вашингтон сверхсрочную телеграмму о том, что его только что посетил мэр Москвы Попов и написал на бумаге (он не хотел говорить вслух, опасаясь подслушивания), что в столице готовится путч против Горбачева (он назвал имена

***религиозное, профессиональное, государственное. Тем более что «не возлагает Аллах на душу ничего, кроме возможного для нее» и наша обязанность делать все возможное для утверждения добра, красоты и созидания, если мы действительно считаем себя детьми Всевышнего, гражданами своей страны, Российской Федерации...»***



заговорщиков – Павлова, Крючкова, Язова и Лукьянова) и что положение поэтому серьезное. Попов попросил срочно сообщить об этом Ельцину, находившемуся в то время с визитом в США. Президент Буш тут же поручил Мэтлоку встретиться лично с Горбачевым и передать эту важную информацию, не называя фамилий заговорщиков. Однако Горбачев, как телеграфировал затем посол в Белый дом, отнесся к этому сообщению весьма спокойно: он был уверен, что «никто не сможет сбросить его» (разговор этот был за два месяца до известных августовских событий). Тем временем Буш проинформировал о записке Попова и Ельцина, который как раз в этот момент находился в Вашингтоне». Началась какая-то странная круговерть.

«Страхи продолжались, – свидетельствует Черняев. – Ночью стал названивать Горбачеву Буш. Из приемной меня спрашивают: что делать? Я: «Соединяйте». Но М.С. гулял с Р.М. (было около 12). Вернувшись, велел связаться с Белым домом. Теперь уже Буш был «занят»... и, видно, отчаявшись соединиться с другой «сверхдержавой» на информационном уровне конца XX века, послал депешу. Она пришла рано утром». (ЧерняевА.С. 1991 год: Дневник помощника Президента СССР. С. 156–157.)

Наконец, в канун событий 19 –21 августа Буш снова предупреждает Горбачева о возможном перевороте. (Лукьянов А.И. Переворот мнимый и настоящий. С. 16).

Такая спазматическая активность американских политиков нуждается, конечно, в объяснении. Может показаться, что все тут предельно ясно: добрый Джордж, встревоженный за судьбу дорогого друга Майкла, предупреждает его о грозящей опасности, демонстрируя свое участливое к нему отношение. Майкл хочет этому верить, но в душе у него, вероятно, поселился червь сомнения. Вот почему Черняев уловил в голосе М.С. нотки внутренней иронии в разговоре с Мэтлоком, вполне понятной, если учесть, что Горбачев уже тогда подозревал американцев в двуличии, находя подтверждения своим догадкам об их сотрудничестве с Ельциным...

## ЕЛЬЦИН НА ДОКЛАДЕ ЗА ОКЕАНОМ

Стремительность визита российского президента в Вашингтон довольно примечательна. Вот как его прокомментировал М.Я.Геллер: «Едва избранный Борис Ельцин отправляется к президенту США Дж.Бушу. Еще совсем недавно после избрания очередного Генерального секретаря ЦК КПСС в Москву, как некогда в Орду за ярлыком на правление, направлялись главы иностранных держав. Теперь за ярлыком, который может обернуться займом, едут из Москвы. Вслед за неутомимым «глобтроттером» Горбачевым едет Борис Ельцин. Как если бы сегодня единственной практической легитимностью советского лидера являлось признание заграницы, материализованное в долларах» (Геллер М. История России 1917 –1995. В 4 т. М., 1996. Т. 4. С. 113). Ассоциация визита Ельцина в США с поездкой за ярлыком на правление, по нашему мнению, вполне правомерна. Едва ли можно сомневаться в том, что новоиспеченный российский президент прибыл в Америку за советами, наставлениями и, возможно, инструкциями американского президента.

За всей этой суетой американских политиков и дипломатов угадывается возня западных спецслужб, осуществлявших не только сбор разведывательных данных, но и разрабатывавших тайные планы типа августовских событий. Показательно, что президент Буш по прошествии этих событий заявил, что завоевана не только победа демократии, но и «наша победа – победа ЦРУ».

Интересные подробности воспроизводит в своем дневнике А. С. Черняев, рассказывая со слов Горбачева, как тот с Ельциным и Назарбаевым «пьянствовал до трех утра и договаривался о Союзном договоре и о последующих выборах». Горбачев не жалел красок: «Ох, Толя. До чего же мелкая, пошлая провинциальная публика. Что тот, что другой. Смотришь на них и думаешь: с кем, для кого?.. Бросить бы все. Но на них ведь бросить-то придется...» (Черняев А.С. 1991 год. Дневник помощника Президента СССР. С. 183). Поведение Ельцина в те дни – это поведение человека, претендующего на роль хозяина. Имел ли он на это какие-нибудь основания? По-видимому, да. Информированный американцами и сблизившийся с ними, он, наверное, знал, что Горбачев вскоре окажется на задворках власти и политики. Об осведомленности Ельцина свидетельствует то, что он готовился к августу 1991-го.


Фото из открытых источников

## ПАШЕ СНИЛИСЬ БЕЛЫЕ «МЕРСЕДЕСЫ»

В плане такой подготовки следует, по нашему мнению, рассматривать посещение Ельциным Тульской дивизии. Повествуя об этом, Ельцин сообщает довольно любопытные подробности: «Незадолго до путча я посетил образцовую Тульскую дивизию. Показывал мне боевые части командующий воздушно-десантными войсками Павел Грачев. Мне этот человек понравился – молодой генерал, с боевым опытом, довольно дерзкий и самостоятельный, открытый человек. И я, поколебавшись, решился задать ему трудный вопрос: «Павел Сергеевич, вот случись такая ситуация, что нашей законно избранной власти в России будет угрожать опасность – какой-то террор, заговор, попытаются арестовать... Можно положиться на военных, можно положиться на вас?» Он ответил: «Да, можно». Так Ельцин предусмотрительно склонил на свою сторону генерала Грачева, который «во время путча сыграл одну из ключевых ролей, отказавшись поддержать членов ГКЧП». Не надо обладать особой проницательностью, чтобы понять приготовительный характер действий российского президента. Значит, он ждал прихода путчистов.

К «сопротивлению» путчистам окружение Ельцина также подготовилось заблаговременно. По свидетельству генерала К.Кобеца, руководившего «обороной» Дома Советов, у него «в сейфе утром 19-го уже лежал отработанный план противодействия путчистам. Он назывался «план икс». Мы тут же начали возводить баррикады. По секторам, внешним и внутренним, на все участки обороны я тут же старшими назначил наших офицеров – а в штабе обороны было всего лишь девять генералов. Мы заранее определили, какое предприятие что должно нам выделить: где взять железобетонные плиты, где металл и т.д. Продумали, каким образом обрезать провода, как забаррикадировать мост, чтобы на него не прошли танки». Как видим, созданный заранее «штаб обороны» разработал «план противодействия путчистам», зная, следовательно, наперед, что будет именно путч (а не какая-то иная по форме акция) с применением военной силы и ввода танков в Москву. Впрочем, разработать этот план не представляло особого труда, поскольку он составлялся по известному уже образцу, на что обратил внимание А.И.Лукьянов: у Дома Советов РСФСР «строились баррикады, создавались боевые дружины, горели костры. Все это было очень похоже на зимние баррикады вокруг литовского, латвийского и эстонского парламентов. Казалось, сценарий писался рукой одного и того же изощренного драматурга».

Надо сказать, что разработчики «плана икс» явно пересолили, чересчур драматизируя предстоящие события и предусматривая меры, не симметричные действиям ГКЧП. До штурма Белого дома дело не дошло, «а к окружавшим дворец баррикадам, как потом рассказывали (очевидцы), так никто и не приближался». (Истомин А.А. Революция, которая была праздником. Этнографическое обозрение. 1992, №3. С. 62.) ГКЧП, объявив войну демократии, казалось, не спешил разворачивать боевые действия, ограничиваясь демонстрацией силы. Однако и «демонстрация силы» была настолько вялой и нерешительной, что никого не устрашала. Невероятно, но факт: колонны бронетехники двигались по улицам Москвы неспешно и останавливались на красный свет светофоров, вызывая тем удивление у наблюдателей... Генерал Кобец рассказывает: «Я постоянно связывался с Калининым (командующий Московским военным округом. – И.Ф.) по телефону, иногда чуть ли не по несколько часов не отнимал трубку от уха. Я ему: Николай Васильевич, такой-то полк такой-то дивизии идет по такому-то маршруту. Останови! Дай такую-то команду! Не вздумай ничего сделать! Не вздумай дополнительные силы! И он выполнял это». ...Кроме Калинина, надо тут назвать и генерала Е.И.Шапошникова, который, по свидетельству Кобеца, «не дал вертолеты» для высадки на крышу Белого дома передовому отряду 103-й воздушно-десантной дивизии КГБ.

## УЛЫБАЮЩИЙСЯ ГРИФ ГОТОВ БОМБИТЬ КРЕМЛЬ

Услуга Шапошникова оказалась настолько важной, что о ней сочли необходимым специально упомянуть Горбачев и Ельцин. По Горбачеву, «генерал Шапошников не пошел с заговорщиками. А ведь нужно было всего три самолета – и от Белого дома, да и от Кремля остались бы руины». Горбачев тут передергивает факты, излагая их так, будто Шапошников, разойдясь с заговорщиками, сберег тем самым Кремль от бомбежки. Не понять, для чего «заговорщикам» понадобилось бы бомбить Кремль. Ведь Ельцин и его люди находились в Белом доме, а не в Кремле. Горбачев, как говорится, «слышал звон, да не знает, где он», или только делает вид, что не знает. В печати, как известно, прошло интервью Генерального прокурора России В.Г.Степанкова о том, что в августовские дни готовилась бомбардировка Кремля. Перед А.И.Лукьяновым был поставлен вопрос, правда ли это. Он ответил: «Я и сам удивился, узнав, что Генеральный прокурор России выдал эту следственную тайну. Если бы она касалась «злодеяний так называемых путчистов», то куда ни шло. Но тут ведь речь шла о намерениях, которые вынашивали люди, действовавшие вместе с «демократами».

Причем прокурор проговорился о совершенно реальном, никем не оспариваемом факте. Действительно, об этом свидетельствует один из самых близких к президенту России людей, приезжавший вечером 20 августа в штаб воздушно-десантных войск к генералу Грачеву. Он сообщает, что на следующий день, когда они вновь встретились с генералом уже в более спокойной обстановке, Грачев рассказал, что у него была договоренность с Шапошниковым о том, что если не будет другого выхода, то «для того чтобы отвлечь силы путчистов от Белого дома, будет дана команда двумя самолетами бомбить Кремль, где находятся члены ГКЧП» (Лукьянов А.И. Переворот мнимый и настоящий. С. 37–38). Следовательно, угроза бомбежки Кремля исходила от демократов, а не от гэкачепистов. И она, по-видимому, была реальной, поскольку соответствовала той грандиозной провокации, которую тогда затеяли в Москве. Она была реальной еще потому, что в демократическом лагере находились и такие лица, которые не имели никаких сдержек. В полной мере они продемонстрировали свой принцип «дозволено все» несколько позже, расстреляв прямой наводкой из танковых орудий Белый дом.

*Продолжение следует*

**Постановлением Совнаркома СССР и ЦК ВКП(б) 21 августа 1943 года были созданы суворовские училища. Сегодня подобное учебное заведение успешно действует и во Владикавказе.**

*Сегодня, 15 августа отмечается День рассказывания анекдотов. Потому и предлагаев вам:*

** Ну и что, что ветер в голове? Зато мысли всегда свежие.*

** Ешьте голой перед зеркалом – похудеете.*

** Если чемодан закрывается, значит в него можно еще что-то положить.*

** Если гора идет к вам, а вы не Магомет – бегите от нее скорее, это оползень.*



# УОДÆЙ ФЕДАР АДÆЙМАГÆН ФЕСÆФÆН НÆЙЙЕС!..

***Цардиуагæ еугур рæстæгути кæд цийфæнди хецæнхузтæ фæууй, уæддæр си разиннуй цидæр æмхузондзийнадæ. Адæймаг си равзуруй уæхæн уавæрти æма фæууй зæрдæскъуд. Уой ни, æвæдзи, алкедæр æхебæл бавзаруй рæстæгæй-рæстæгмæ. Æма ни алкедæр æхе фæйнæхузи фæддаруй: еуети бон исуй федарзæрдæй архайун еци фудимелæй фæййервæзунбæл, иннетæ ба ухери кæндзæнæнцæ. Мæнæ дæлдæр ци фарстатæ мухур кæнæн, уонæбæл дзуæппитæ ратгæй, лæдæрд уин уодзæнæй, цæйбæрцæбæл арæхсетæ, лæгæвзарæнти бахаугæй лæгдухæ бавдесунмæ.***

**1 Комкоммæ де ’рдæмæ уайгæ куй ку рауинай, уæд…**

а) фæкъкъех угæй, сахæй байзайдзæнæ – 1
б) дæ цæууни кой кæндзæнæ, куймæ лæмбунæг кæсгæй – 2
в) куй гъуди дæр не ’ркæнгæй, идарддæр дæ цæууни кой кæндзæнæ – 3

**2 Устур тукани угæй, æнай-æнойти райгъустай, цæмæй уайсахат азгъунстæй фендæуайтæ. Ци ракæндзæнæ?**

а) уавæр æнхæст нæ равзаргæй фесхуайдзæнæ азгъунстæй рацæунмæ – 1
б) сабургай, æнæтæрсгæй байархайдзæнæ азгъунстæй рацæунбæл – 2
в) бавзардзæнæ, ци ’рцудæй, уой базонун, уой фæсте ба ести хузи архайун райдайдзæнæ – 3

**3 Телефонæй кедæр хæццæ дзоргæй уæмæ хъаугъа рауадæй. Æма уомæ гæсгæ ба:**

а) уоййадæбæл æмхецдзийнадæн ракæрон кæндзæнæ – 2
б) бавзардзæнæ уæ еци хъаугъа фенод кæнун – 3
а) уæ дзубанди нæ фæууогæй, трубкæ ниггæлдздзæнæ – 1

**4 Æнæнгъæлти райстай финстæг дæ хеуæнттæй. Ци ракæндзæнæ?**

а) æхцæуæн хабæрттæ си æнгъæл угæй, уайсахат æй фегон кæндзæнæн – 3
б) мæстаг хабæрттæ си æнгъæл угæй, рæстæгмæ бал æй еуварс æрæвæрдзæнæн – 1
в) Циуавæр хабæрттæ си ес, уобæл сагъæс дæр нæ ракæнгæй, бакæсдзæнæн æй – 2

**5 Хъæбæр ахсгиаг дин ка ’й, уæхæн фембæлдмæ æрæги кæнгæй, бахаудтæ хуæдтолгити къæрмæги. Куд дардзæнæ дæхе?**

а) мæстгун кæндзæнæ æма тингунæй гъаст кæндзæнæ нæдтæ хуæдтолгитæй фуридзаг ке ’нцæ, уомæй – 1
б) дæхе æнцад дардзæнæ, уомæн æма, цийфæнди ку фæккæнай, уæддæр дæбæл базуртæ нæ разайдзæнæй – 3
в) Дæхецæн уайдзæфтæ кæндзæнæ, уæддæр еу сахат раздæр ке нæ ранæхстæр дæ – 2

**6 Фæндаггон-транспортон цауæн æвдесæн исуогæй, ду:**

а) фæййагъаз кæндзæнæ, бæлахи ка бахаудтæй, уонæн – 3
б) æнцад лæудзæнæ æма уотид кæсдзæнæ – 2
в) ци ’рцудæй, уомæй фæттæрсгæй фæддунд уодзæнæ, цау кæми ’рцудæй, уордигæй – 1

**7 Азари туххæй циуавæр уадзæндзурди хæццæ арази дæ?**

а) «Азар ка нæ зонуй, е æнæхайгонд æй уобæл фæууæлахези æхцæуæндзийнадæ райсунæй…» – 2
б) «Азар бедуйгæй ка архайуй, етæ уæлдай сæрхизтдæр фæуунцæ…» – 1
в) «Еунæг æрхун дæр, æ туххæй азари хузæн агъазиау нæ фæууй…» – 1

**8 Нæуæг кусти рауæнмæ рацæугæй:**

а) хъæбæр мæтæ кæнис – 1
б) кæд еуцæйбæрцæдæр дæ меднимæр тухсис, уæддæр еци уавæри уоййасæбæл уадессагæй неци ес – 2
в) мæхе хатун æнæгузавæй – 3

**8-13 балли.** Æгæр тæлтæг адæймаг дæ, æма зæрдæскъуддзийнадæ дæ царди æгæр ахид иуазæг æй. Еугур ахсгиаг унаффитæ дæр рахæссис, дæ уод æ кеми ку фæууй, уæд. Ци гæнæн æма амал уа, уомæй архайæ цийфæнди буцæутæй дæр хе еуварс дарун, æнæргъудийæй цидæр дузæрдуггаг гъуддæгути бацæунæй – цæмæй дин исонибони маци исуа фæсмойнаг.

**14-19 балли.** Уоййасæбæл ахид нæ архайис циргъ тегъæбæл цъерф кæнунбæл, фал къурцдзæвæн уавæрти ба дæ уодигъæди медæгæ дæмæ разиннуй уæхæн равгитæ, кæцити фæрци дæ бон исуй зæрдискъуди нихмæ федарæй фæллæуун, тухстдзийнæдтæй райервæзун. Дæ зæрдæбæл дарæ уæхæн загъд: «Зундгин адæймаг зонуй, зиндзийнæдтæбæл кутемæй фæууæлахез уæн ес, фастихадзи ба – кутемæй си ес багъæуай кæнун…»

**20-24 балли.** Хъæбæр сæрбонзонгæ адæймаг дæ – нури цардарæзти е уæлдай æстæн æй. Зæрдмарæн хузи ахид нæ фæууис, мæстаг уавæри ку бахауис, уæд фæййархайис хебæлхуæцгæй æма хелæдæргæй.

***Кæронбæттæни ба ма уин фæдзæхсти хузи æримисдзинан номдзуд уруссаг финсæг Михаил Пришвини загъд: «Ку дæ бафхуæрдæуа, уæд дæ нифс ма расæттæд: ес еу ахсгиаг мадзал – архайгæ кæнæ!.. Гъæуама дæ еугур хъауритæ дæр исаразай де ’сфæлдистадон цирагъ багъæуай кæнунмæ. Еци цирагъи хæццæ поэт рацæуй уæлахезонæй. Ихалæн тухтæн сæ архайд банидæн уй, цард ба аразуни надбæл æрлæууй…»***

***Аци загъд бадаретæ уæ зæрдæбæл, æримисиайтæ ’й тухст уавæри бахаугæй, æма уин гъæуама агъазгæнæг фæууа…***

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1 Уæрæсей императори цæрæнбунати адтæй, рекетмейстер, зæгъгæ, кустгæнæг. Æма циуавæр адтæнцæ æ ихæстæ:**

**а)** Кастæй, сæнтæ кæми дардтонцæ, еци уæрмитæмæ. **б)** Дзуапп лæвардта фейерверктæ аразунбæл. **в)** Императори номбæл ци курдиæдтæ æрбацæуидæ, уони туххæй игъосун кæнун.

**2 Циуавæр адтæй æ дæснийадæ Леонид Солодковæн – фæстагдæр ма еци адæймагæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном?**

**а)** Дæлдондзæуæг **б)** Танкист **в)** Тæхæг.

**3 Хуари культуритæй кæций нимайунцæ дуйней тæккæ тилæггондæрбæл?**

**а)** Нартихуар **б)** Мæнæуæ **в)** Цъой.

**4 Æвддæсæймаг æноси уæззау æма æнарæхст дзармадзантæ фæсæхст цæй фæрци уазал кæниуонцæ, цæмæй си топпихуасæ ниггæнæн бабæй адтайдæ нæуæг фехстæн?**

**а)** Сæни **б)** Зети **в)** Дзумари.

**5 Австралий Игон чемпионат ка рамулдта, еци теннисисткæ Аринæ Соболенко си циуавæр бæсти номæй архайдта?**

**а)** Казахстан **б)** Беларуси **в)** Киргизи.

**6 Зундгонд финсæг Астрид Линдгрени хъæйтартæй кæцимæн æнæбари цæугæ рауадæй æрвонгти Æхсæнади æмбурдмæ æма ин си соми кæнгæ рауадæй, карз ниуæзтæй хупп дæр ке нæбал искæндзæнæй, уой туххæй?**

**а)** Расмус-хаулли **б)** Кале Блюмквист **в)** Эмиль Леннеберг.

**7 Ирон финсгутæй уотæ ка загъта: «Зæрдæ зунди нæ фæрсуй…»**

**а)** Хъороти Дауит **б)** Коцойти Арсен **в)** Нигер.

**8 Кæд исцæттæ ’й Алагири æфсæйнаг над æма си кæд пайда кæнун райдæдтонцæ.**

**а)** 1920 анзи **б)** 1923 анзи **в)** 1925 анзи.

**9 Республикæ Цæгат Иристон-Аланий туруса федаргонд æрцудæй нæ планети тæккæ уæлиаудæр бæрзонди сæрбæл. Ци хуннуй?**

**а)** Эверест **б)** Чогори **в)** Канченджанга.

* * *

**Нур ба раст дзуæппитæ нæ газети 30-аг номери мухургонд фарстатæбæл.**

**1.** Математикæ. **2.** Геракл. **3.** Михаил Лермонтов. **4.** Корфу. **5.** Стрелец. **6.** Галхæпсæ. **7.** Ауигъд сæрвасæн. **8.** Дипломати.

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**2026 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСИ ЦУППАР МÆЙЕМÆН. ЕЦИ РÆСТÆГÆН Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 262 СОМИ ÆМА 92 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 230 СОМИ ÆМА 92 КЪАПЕККИ.**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**E-mail:** gazeta.digora@kpmk.alania.gov.ru

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **530.** Заказ **№ 1743.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 14.08.2026.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 14.08.2026.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**